ÈSKE LI SAN DANJE POU PRAN VAKSEN PANDAN GWOSÈS

- Wi! Sèten vaksen san danje pou itilize pandan gwosès la.
- Yo etidye vaksen yo ak plizyè milye moun anvan yo apwouve yo pou itilize epi yo etidye yo kontinyèlman pou asire, yo rete san danje.
- Efè segondè vaksen yo jeneralman lejè (pa egzanp, ponyèt fè mal, doulè nan kò, sansasyon fatig). Efè segondè grav yo ra.

LÒT VAKSEN YO REKÒMANDE?

- Yo ka rekòmande Vaksen yo anvan oswa apre gwosès selon sante ou, laj ou, fòm lavi w ap mennen, okipasyon w (travay) oswa vwayaj ou.
- Pale ak founisè swen sante w pou w jwenn plis enfòmasyon.

E SI MWEN PA KAPAB PEYE VAKSEN?

- Ou menm ak pitit ou ka kapab pran vaksen atravè **Pwogram Vaksen pou Timoun (Vaccines for Children Program)** yo epi chwazi founisè swen sante pou moun majè nan zòn ou an.

POU JWENN VAKSEN

Pale ak founisè swen sante w la epi vizite:

tinyurl.com/vfclocations

POU PLIS ENFÒMASYON

Depatman Sante New Jersey (New Jersey Department of Heatlh) Pwogram Prevansyon Kont Maladi Evitab atravè Vaksinasyon (Vaccine Preventable Disease Program)
nj.gov/health/cd/vpdp.shtml

Vaksen Depatman Sante New Jersey:
nj.gov/health/vaccines


Kolèj Ameriken pou Obstetrisyen ak Jinekològ (American College of Obstetricians and Gynecologists, ACOG):
bit.ly/4cdw5hV

Al wè founisè swen sante ou a pou bezwen espesifik ou yo. Bwochi sa a se pa yon ranplasan pou konsèy medikal.

NJHealth
New Jersey Department of Health



PWOTEJE TÈT OU AK TI BEBE W LA AVÈK VAKSEN



POUKISA MOUN KI ANSENT TA DWE PRAN VAKSEN?

- Gwosès lakòz chanjman nan kò ou ki ka mete ou nan pi gwo risk pou ou vin malad.
- Moun ki ansent pataje tout bagay ak tibebe yo, san wete pwoteksyon kont gwo maladi vaksen yo bay.
- Vaksinen pandan gwosès la ede pwoteje ti bebe ou a kont enfeksyon jiskaske li gen laj ase pou l pran vaksen pa li.

KI VAKSEN YO REKÒMANDE?

- Grip (piki) – Se pa yon vaksen yo bay atravè espre nan nen
- COVID-19
- Tetanòs, difteri, koklich (Tdap)
- Viris Respiratwa Sensisyal (Respiratory Syncytial Virus, RSV)

Yo rekòmande vaksen sa yo **PANDAN** gwosès ou a pou bay pi bon pwoteksyon pou ou AK ti bebe OU a.

GRIP*

Moun ki ansent ka pran vaksen kont grip la pandan nenpòt trimès Pran vaksen kont grip la:

- Diminye risk pou entène lopital akoz maladi grip.
- Ede anpeche nesans twò bonè, pwa ki ba pandan nesans ak sèten domaj pandan nesans.

***Li rekòmande pou w pran vaksen kont grip la nan mwa jiyè ak out si w nan twazyèm trimès ou pou ede pwoteje ti bebe w la pandan plizyè mwa apre nesans.**

COVID-19

COVID-19 (maladi kowonaviris 2019) se yon maladi yon viris ki rele SARS-CoV-2 lakòz. Li ka gaye byen vit epi li ka danjere pou moun ansent. Yo rekòmande vaksen kont COVID-19 pandan gwosès la.

Pran vaksen kont COVID-19 la:

- Ka diminye risk yon moun ansent genyen pou l entène lopital ak yon enfeksyon COVID-19.
- Kapab pwoteje ou menm ak ti bebe w la kont maladi grav oswa lanmò.

TDAP

Yo rekòmande vaksen Tdap ant semèn 27 ak 36 nan CHAK gwosès. Pran vaksen Tdap la:

- Diminye risk pou koklich (pertussis) nan tibebe ki gen mwens pase de mwa.
- Ede pwoteje tibebe yo kont maladi grav, entène lopital, ak lanmò.

RSV

Gen de (2) fason pou w pwoteje tibebe ou a pou l pa vin malad anpil ak RSV:

- Vaksen kont RSV, yo bay pandan gwosès.

OSWA

- Vaksen kont RSV (antikò monoklonal), yon tretman prevantif yo bay tibebe/timoun piti apre yo fin fèt. *

Pran vaksen oswa resevwa iminizasyon kont RSV (antikò monoklonal):

- Diminye risk yon ti bebe pou l gen maladi RSV grav.
- Bese risk pou ti bebe a entène lopital pou RSV.

*Pou detay sou orè ak pwodui RSV a, pale ak founisè swen sante ou.

55119_SD